biri boldı. Haqıyqatında da, XX ásirde burıngı klassik ádebiyattaǵı jazba dástanlıq shıǵarmalardı aytpaǵannıń ózinde tek XX ásirdiń ishinde jasap ótkeın xalıq shayırları bolǵan Ayapbergen Muwsa ulınıń «Qudaybergen» dástanı, Ábdiqádir shayırdıń «Qızketken» dástanı, Abbaz shayırdıń «Bahadır» dástanı, Sadıq shayırdıń «Baxtiyar», «Qanalaslar» dástanları, xalıq shayırlarınıń barlıǵında da usınday úlken dástanlıq shıǵarmalardıń bolǵanlıǵın dállileydi. XX ásirde dóregen shıǵarmalardıń barlıǵı da usı ásirdegi qaraqalpaq milliy ádebiyatınıń joqarǵı dárejede rawajlanǵanlıǵın kórsetiwshi jazba dástanlıq shıǵarmalar boldı. Sadıq shayır «Baxtiyar» hám «Qanalaslar» dástanın jazıp, ádebiyatımızdıń rawajlanıwına óz úlesin qostı. Abbaz Dabılovtıń «Bahadır» dástanında ómir shınlıǵın súwretlewde, qahárman obrazın jasawda, poeziyalıq formalardı kórkemlew quralların qollanıwda xalıq dástanlarınıń milliy dástúrin dawam ettirgen. S.Nurımbetovtıń «Xanalaslar», T.Jumamuratovtıń «Mákarya sulıw» dástanlarında da xalıq poeziyasınıń dástanlıq dástúri dawam ettirilgenligin kóriwimizge boladı.

«Qanalaslar» dástanınıń syujeti, kompoziciyalıq qurılısı, tili, kórkemlik ózgeshelikleri adamdı ózine tartarlıq dárejede jaqsı bolıp shıqtı. Onıń ústine, shıǵarma qaraqalpaq milliy dástanshılıq dástúr jolları menen dórelgenligi kórinip turdı. Ásirese, keskin kofliktli ómir shınlıqlarında jaratılǵan, jáne de xalıqlar doslıǵı jeterli hám isenimli dárejede gáp bolǵan dástan ekenligi menen jaqsı edi. Onıń ústine, eldegi bay tábiyat kórinisleri, eń baslısı eldegi sol zamanlardaǵı sociallıq ómir haqıyqatlıqları, qaharmanlardıń óz maqsetleri ushın gúresleri, ásirese, milliy xarakterler, bir-birewge eldegi mehribanlıq dástúrler, jawızlıqlarǵa qarsı el birligi, eldegi bir-birewdi qollap quwatlaw úrp-ádeti, el-xalıq dástúrleri dástanda kórkem til sheberlikleri menen júdá isenimli beriledi. Dástannıń qaraqalpaq ádebiyatındaǵı qunlılıǵı - xalıq dástúrlerinde bay bolıp keledi. Waqıyalardı poeziya tili menen bayanlaw, súwretlewde shıǵarmanı kórkemlik sheberlikler menen ájayıp túrde kórsetip bergen. Shayır xalıq tiliniń barlıq múkinshiliklerinen jaqsı paydalanǵan. Bul shıǵarmanıń haqıyqattan da XX ásir ádebiyatın dástanlıq jaqtan bayıtqan shıǵarma bolǵanlıǵın kóriwimizge boladı.

T.Jumamuratovtıń «Mákarya sulıw» dástanı xalıq ańızları menen baylanıslı dóretilgen bolıp, Makaryanıń portretin súwretlegende shayır xalıq dástanlarındaǵı qaharman hayal-qızlardı súwretlew usılınan paydalanadı. Shayır Mákaryanı beyishtegi hur qızlar menen, shıǵıs dástanlarındaǵı Láyli, Zulayhalar menen salıstıradı.

Ǵárezsizlik dáwirindegi dástanlardıń rawajlanıwında da ózgeshelikler bar. Bunda T.Sársenbayev, Á.Ótepbergenov, B.Genjemuratov, N.Tóreshova, M.Jumanazarova, G.Dáwletova, G.Nurlepesovalardıń belgili ornı bar. T.Sársenbayevtıń «Qız», G.Nurlepesovanıń «Qumar ana», M.Jumanazarovanıń «Súyinbiyke», G.Dáwletovanıń «Alp ana» dástanları da avtorlardıń epikalıq poeziyadaǵı birinshi tájiriybeleri bolıwına qaramastan, olardıń bul baǵdarda tınbay izlenip atırǵanlıǵınan derek beredi [5:15].

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq jazba ádebiyatında dástanlar xalıq awızeki dóretiwshiligi menen baylanıslı bolıp, xalıq shayırları dástanlarda ómir shınlıǵın súwretlewde, qaharman obrazın jasawda, poeziyalıq formalardı kórkemlew quralların qollanıwda jetiskenliklerge erisken.

**Ádebiyatlar**

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2016.
2. Járimbetov Q., Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası. – Tashkent: «Sano-standart», 2018.
3. Jarimbetov Q, Nzamatdinov J, Allambergenova I. Qaraqalpaq folklorı. – Toshkent: «Sano-standart», 2018.
4. Allambergenov K., Orazımbetov Q., Paxratdinov Á., Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. – Tashkent: «Sano-standart», 2018.
5. Járimbetov Q., Nurjanov P., Turdıbaev Q. Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq ádebiyatı. – Tashkent: «Cho'lpon», 2019.

**REZYUME.** Maqolada doston janri haqida umumiy tushuncha berilib, dastlabki dostonlarning o'ziga xosligi, adabiyotdagi o'rni va obrazlarning yaratilish mahorati haqida so'z yuritiladi. Shu bilan birga XX asr qoraqalpoq adabiyotidagi dostonlarning janr va badiiy xususiyatlari, qahramon obrazini yaratishda yozuvchilarning mahorati haqida aytilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье дается общее представление о жанре эпоса, говорится об особенностях первых эпосов, их месте в литературе и мастерстве создания образов. Вместе с тем, говорится о жанровых и художественных особенностях эпосов в каракалпакской литературе XX века, мастерстве писателей в создании образа героя.

**SUMMARY.** This article provides a general overview of the epic genre, discus-sing the uniqueness of early epics, their place in literature, and the skill of creating characters. At the same time, the genre and artistic features of epics in 20th-century Karakalpak literature, the skill of writers in creating the image of heroes, were discussed.

## T.QAYÍPBERGENOV POVESTLERINDE KÓRKEM DETALDÍŃ ESTETIKALÍQ XÍZMETI

**Q.J.Sarsenbaev –** *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Samarqand mámleketlik veterinariya medicinası, sharwashılıq hám biotexnologiyalar universiteti Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** adabiyot, qissa, yozuvchi, badiiy detal, estetika.
**Ключевые слова:** литература, рассказ, писатель, художественная деталь, эстетика.
**Key words:** literature, story, writer, artistic detail, aesthetics.

**Kirisiw**. Jazıwshı Tólepbergen Qayıpbergenov povestleriniń kompoziciyasında hár qıylı detallardan ónimli paydalanıp, shıǵarmanıń ideyalıq mazmunın ashıwǵa, obraz jaratıwǵa erisedi. Sonday-aq, detallar shıǵarmadaǵı waqıya-hádiyselerdi ayqınlastırıp, ideyalıq júk tasıwshı xızmetin atqaradı. Shıǵarma qurılısında detallar kishkene

bólek bolıwına qaramastan, olardıń járdeminde kúndelikli turmıs yamasa orın, portretlik súwretlewler, personajdıń is-háreketleri hám t.b. konkretlestirilip, insan obrazı janlı túrde sáwlelendiriledi.

**Izertlew metodologiyası.** Kórkem detal arqalı shıǵarma syujetindegi waqıyalar tolıq hám ayqın túrde kózge túsip, janlı túrde súwretlenedi. Sonıń menen birge, shıǵarmadaǵı detaldıń funkciyası jazıwshınıń pikirin anıqlastırıw, tolıqtırıw hám kúsheytip beriw ushın da oǵada áhmiyetli kórkemlik xızmet atqaradı. Jazıwshı shıǵarmada detallardıń járdeminde waqıya-hádiyseni dálillep kórsetiw menen birge kórkemlik jaqtan ulıwmalastırıwǵa erisedi.

**Talqılaw hám nátiyjeler**. Izertlewshi J.Kaniyazova kórkem shıǵarmada detaldıń obraz jaratıwdaǵı áhmiyetin bılayınsha túsindiredi: «Sh.Seytovtıń «Xalqabad» romanında kórkem detal qaharman xarakterin jaratıwda ayrıqsha orın tutadı. Bul usıl járdeminde jazıwshı shıǵarmada waqıyalıqtan sheginip, ıqsham hám anıqlıqqa erisedi hám emocional tásirsheńlikti arttıradı» [2:15]. Al, Z.Ktaybekova qaraqalpaq gúrrińlerindegi detaldıń atqaratuǵın xızmeti haqqında: «Detal jazıwshınıń izleniwshilik deregi, waqıya hám hádiyselerdi súwretlewdegi tapqırlıǵı, xarakterlerdi dóretiwdegi sheberligi» [6:134] ekenligin atap kórsetedi. Izertlewshi D.Kamalova: «Novellada qollanılǵan zatlıq, peyzajlıq hám portretlik detallar menen birgelikte psixologiyalıq detallar shıǵarmanıń bir bólegi sıpatında waqıyalar aǵımı hám qaharmanlardıń turmısı menen tikkeley baylanıslı súwretlenedi» [3:114], – dep kórkem shıǵarmada qollanılǵan detal túrleriniń tutqan ornı haqqında pikir bildiredi. Álbette, hár qanday shıǵarmaǵa detal tańlawǵa jazıwshıdan talant penen birlikte, predmet-nárselerdiń mólsher-muǵdarın durıs ańlay alatuǵın tereń sezimtallıq penen sheberlik talap etiledi. Yaǵnıy, anıq detaldı tawıp, durıs hám óz ornında qollanıw tek ǵana sheber jazıwshınıń qolınan keledi. Kórkem detaldı qollanıw avtorǵa waqıttı únemlewge imkaniyat jaratadı. Sebebi, qazaq ádebiyatshı alımı Z.Qabdolovtıń atap kórsetkenindey: «detal jazıwshını kóp sózlilikti saqlandıradı, sózdi únemlep, qısqa qayırıwǵa jeteleydi» [1:97]. Solay etip, detal ádebiy shıǵarmada portret jaratıwda, peyzajdı súwretlewde, turmıslıq zatlar, qubılıslardı tutas sáwlelendiriwde, qaharmanlardıń is-háreketleri hám sózlerinde de kóplep ushırasadı.

Jazıwshı T.Qayıpbergenov óz shıǵarmalarında ómir shınlıǵın kórkem sáwlelendiriwde, qaharman xarakterin ashıp beriwde, portret jaratıwda, turmıstı kórkem súwretlewde detallardan sheberlik penen paydalana alǵan. Ásirese, hárbir povestindegi turmıslıq hádiyselerdi kórkem súwretlewde, personaj psixologiyasın tereń ashıp beriwde, tábiyat qubılısların ráńbáreń túrlendiriwde kórkem detal tańlawǵa ayrıqsha itibar qaratqan. Jazıwshı eń dáslepki «Sekretar» povestinde tábiyat qubılısların súwretlewde hám shıǵarma waqıyalarınıń qıs aylarında júz bergenligin personajlardıń is-háreketi hám gáp-sózleri arqalı ashıp beriw maqsetinde shıǵarmanıń basında-aq, kórkem detaldı orınlı paydalana alǵan. Mısalı: «Azan menen qaladan qaytqan úsh bala suwıqtan erge otıra almay, esheklerin aldına salıp aydap, qunjıyısıp kiyatır. Bazda sál gidirisip, sıqırlaǵan qarǵa ayaqların tepsinip-tepsinip aladı.

Sırttan qaraǵanda, úshewi de birgelki, malaqaylarınıń qulaǵın túsirip, bawların baylap alǵan. Úshewi de órge qaray qırıńlap, shıyraqlıq penen adımlap, esheklerin quwıp kiyatır. Olardan júrisi sál óktemirek hám saldamalıraq kóringen Atamurattıń eki beti burıshtay qızarıp, basındaǵı malaqayı joqarı kóterilip baratırǵanday sezdi de, aq júnnen toqılǵan qolǵaplı oń qolı menen ara-tura tóbesin basıp-basıp qoyadı. Izindegi orta boylı, arıq Ámet oń qolın qoynınan almay, shep qolındaǵı shıbıq penen eshegin urıp, erni juwısıńqıramay sóyleydi:

– Atamurat, eger sen bir qolǵabıńdı bermegende, mınaw eshekti ara-tura urmaq túwe, búrisip qaladı ekenmen...

Ámet ári-beri «sózimdi maqullar-aw» degen úmit penen betine qarasa, Atamurat óz-ózinen qáhárli eken» [4:299-300].

Keltirilgen epizodta jazıwshı kúnniń qaqaman suwıǵında ákelerin urısqa jiberip kiyatırǵan úsh balanıń sırtqı portretin súwretlew arqalı tábiyat kórinislerin de birlestirip sáwlelendiriwde kórkem detallardı orınlı qollanıwǵa erisken. Bunda jazıwshı bir waqıttıń ózinde úsh balanıń sıqırlaǵan qarǵa ayaqların tepsinip kiyatırǵanın, malaqaylarınıń qulaǵın túsirip, bawların baylap alǵanlıǵın aq júnnen toqılǵan qolǵabı hám de povest qaharmanlarınıń qáhárli kelbeti t.b. zatlıq, portretlik hám peyzajlıq detallardı birlestirip sheber qollana alǵan. Bunday kórkem súwretlew jazıwshınıń «Muǵallimge raxmet» povestinde de kózge taslanadı. «Ol awılda birinshi payda bolǵanda awıl ishi ala-sapıran edi. Yaǵnıy, úlkenler óz ara kelise almay birewleri «birigip jasayıq» dese, ekinshileri «yaq, darawara jasaymız» desip qızıl kegirdek bolısıp atırǵan kúnler edi.

Al bizge, balalarǵa, sol úlkenlerdiń tartıs-jánjelleri qam pátir, hesh birimiz awıldıń táǵdirinen bizlerdiń táǵdirimiz ǵárezli ekenine oy jiberip kórmeymiz. Gileń balalar jıyılısıp alıp, azannan qara keshke kósheni shańǵıtıp, top oynaymız, yamasa orpań topıraqta otırıp, asıq oynaymız...

... Joq, oylarımdı alǵa shaptırmay áńgimeni reti menen baslayın.

... Basqa awıllarǵa kóbasa barıp kórgenim joq. Al, ózimizdiń awıldıń kórinisi maǵan kútá unaydı. Átirapımızdaǵı qorshap alǵan qalıń toǵay barqulla hárem tutıp qoyǵanday kórinedi. Qısta siyreklep, jaz bolsa dónip, jasıl japıraqlardı jamılıp shıǵa keledi. Mine, onıń háremnen ayırması, usında ǵana dep sezemen. Toǵay arasında qıdırıp júriw bárinen de kewilli. Qırǵıy menen mıyqınıń palapanların izlep azannan keshke deyin gezseńde jalıqpaysań. Turpatı qara úydey bolıp ketken torańǵıllar da bar. Al, biziń awıldıń qonıs jeri oypatlaw. Batıs jaǵımızda kóldiń jiyegi kórinip tur. Onda ósken náwqaraǵay qamıslar gúz bolsa úpeleklerin biziń awılǵa jollaydı. Bir-eki jıllıqta usı qamıslıqtıń astında suw bar edi. Talay márte onnan ǵazdıń palapanların uslap ta qaytqanbız. Baspaqlarǵa súyriklerdi de, sol kólden ákeletuǵın edik. Báhár bolsa, qaymaqlasqan muz astınan ushları iyiktey súyriklerdi tawıp alamız» [5:3-4].

Jazıwshı povestte awıl tábiyatınıń gózzal kórinisine XX ásirdiń dáslepki jıllarındaǵı qıyınshılıq jaǵdaylardı baylanıstırıp súwretlewge erisken. Ásirese, awıldıń sulıw kelbetin kórkem súwretlewler arqalı peyzajlıq detallardı orınlı qollanǵan. Awıl tábiyatına tán bolǵan máwsimlerdiń túrleniwin obrazlı sáwlelendiriwde torańǵıllar, náwqaraǵay

qamıslar, úpelekler, ǵaz palapanları, súyrikler t.b. peyzajlıq hám zatlıq detallardıń járdeminde shıraylı etip sıpatlap bergen.

«Uyqısız túnler» povestinde bir neshe zatlıq hám portretlik detallar ónimli qollanılǵan. Mısalı: «Qarayman, iri gewdeli, murtlı, iyinli qaraqalpaq soldatın izleymen, ádebinde maǵan hámme qaraqalpaqlar iri gewdeli, murtlı, iyinli kóringen edi. Joq, basqa xalıqlar sıyaqlı, hár kim hár qıylı: iri, mayda. Qaraqalpaqtıń qızları qara shashlı boladı eken. Shashların kóbinese qos burım, ya jekke burım etip órip, jawrınına salbıratıp jiberedi eken yamasa iyniniń ústine aldına túsiredi eken. Olarǵa háwesim ketti. Basımdı eriksiz sıypalaǵanımdı bilmey-aq qaldım. Bir nársege quwandım. Shashımnıń ushın qırıqtırmastan tóbeme túydeklep qoyıppan. Endi, mende usılarday etip, órip, iynimniń ústine aldıma túsirip júreyin dep oyladım.

Keshte shashımdı qaytadan tarqatıp, kúndiz kórgenimdey etip órdim».

Bul epizodta avtor shıǵarmanıń bas qaharmanı Gúlzardıń tilinen qaraqalpaq jigitleri menen qızlarınıń milliyligin táriyplewde portretlik detallardı júdá orınlı qollanǵan. Ásirese, qaraqalpaq xalqınıń basqa xalıqlardan ayrılıp turatuǵın milliy ózgesheligin ashıp beriwde «qara shashlı», «qos burım», «jeke burım», «iri gewdeli», «murtlı» t.b. portretlik súwretlewlerdi sheberlik penen sáwlelendire alǵan.

“Tánha ózińe málim sır” povestinde de qollanılǵan zatlıq detallar arqalı shıǵarma qaharmanı Perixannıń ótken ómiri eske túsedi. Mısalı: “Perixan suwıq suwǵa juwınǵan soń biraz ózine kelip, tósestirip qoyılǵan bólmeniń qapısınan ishke kirgen payıtta, jaydıń tórgi diywalındaǵı súwretlerdi hám olardıń qatarında iyinlikke kiydirilip turǵan kútá eskishe úlgide pishilip tigilgen aydınlı kóylekti kózleri shalǵan máttal, Sorım!!! – dedi bolǵanı. Basqa tilge kelmey, jazıq mańlayınan birden monshaq-monshaq ter shıǵıp, demi qısıldı da, dizelerinen hal ketti” [7:89-90]. Bul epizodta keltirilgen “súwret”, “aydınlı kóylek” zatlıq detalları arqalı qaharmannıń (Perixannıń) psixologiyalıq halatı ashıp berilgen. Usı eki nárse arqalı Perixan qızınıń kimge turmısqa shıǵıp atırǵanın aytpay túsinip, túskinlikke túsip qaladı. Avtor bul jerde de kórkem detallardı durıs tańlawǵa erisken, yaǵnıy, az sóz benen-aq waqıyanı ıqsham janlı túrde súwretlep bere alǵan.

“Perixan usı waqıtqa shekem elektr shıraǵın kórmegen edi, keshte pútkil qalanı basına kóterip gúrildegen dvijoktıń kúshi menen janǵan kóshedegi lampochkanıń nurına tańlanıp onıń orıssha atı neligin sorap “Svet” ekenin esitkende, úyindegi adaǵarbaǵa jáne bir qarap, kewilinde álleqanday jumbaq túydi. Bul jumbaǵı, eger ol ana bolıp dúnyaǵa perzent keltirse, atın biraz tańlanarlıq etip “Svet” dep qoyıw edi...” [7:120]. Bul “dvijok”, “svet”, “adaǵarba” sıyaqlı zatlıq detallar dáwir kórinisin, sol dáwirde jasaǵan adamlardıń turmısındaǵı ózgerislerdi súwretlewde de xızmeti ayrıqsha kórkemlik xızmet atqarǵan.

Jazıwshı psixologiyalıq, zatlıq, peyzajlıq hám portretlik detallardı birlestirip súwretlewge erisken.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, jazıwshı T.Qayıpbergenov povestlerinde kórkem detallardıń durıs tańlanıp, orınlı qollanılǵanlıǵın kórip óttik. Avtor qaharman xarakteri menen psixologiyasın ashıwda, shıǵarmanı mazmunlı hám kórkem obrazlı sáwlelendiriwde, povestlerdiń kórkemligin támiyinlewde kórkem detallardıń túrlerinen sheberlik penen ónimli paydalanǵan. Jazıwshı shıǵarmanıń ideyalıq mazmunın ashıwda, xarakter hám obrazlardı sıpatlap beriwde zatlıq, portretlik, peyzajlıq hám psixologiyalıq detallardan sheberlik penen ónimli qollanıwǵa erisken. Jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń povestlerinde tańlap alınǵan detallar shıǵarma waqıyalarınıń ıqsham hám mazmunlı shıǵıwında qaharmanlardıń táǵdiriniń obrazlı hám kórkem súwretleniwinde ayrıqsha estetikalıq xızmet atqaradı.

## Ádebiyatlar


1. Қабдолов З. Сөз өнері. – Алматы: «TST-Company», 2006.
2. Каниязова Ж. Ш.Сейтов романларында характер жасаў шеберлиги («Халқабад» роман-тетралогиясы мысалында): Филол. илим. филос. д-ры (PhD). … дис. автореф. – Нөкис: 2017.
3. Камалова Д. Қарақалпақ әдебиятында новелла жанры. Филол. илим. филос. д-ры (PhD). дис. – Нөкис: 2022.
4. Қайыпбергенов Т. Секретарь. Шығармалары. Бес томлық. 5-т. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.
5. Қайыпбергенов Т. Муғаллимге рахмет. Повестьлер. – Нөкис: «Билим», 2018.
6. Ктайбекова З. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ гүрриңлериниң поэтикасы: Филол. илим. филос. д-ры (PhD). дис. – Нөкис: 2021.
7. Қайыпбергенов Т. Тәнҳа өзиңе мәлим сыр. Повестьлер. – Нөкис: «Билим», 2018.



**REZYUME.** Maqolada yozuvchi T.Qayipberganov qissalaridagi badiiy detallarning estetik vazifasi keng oʻrganib chiqilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье подробно исследуется эстетическая функция художественных деталей в рассказах писателя Т.Кайыпберганова.

**SUMMARY.** The article examines in detail the aesthetic function of artistic details in the stories of the writer T.Kayipberganov.